



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU RETA YO NAN EKSPEDISYON VAKSEN AN

"Gouvènman federal la te enfòm New York ke prèske tout dòz vaksen kont COVID-19 yo alwe pou Semèn 10 la — ki te pwograme pou yo livre ant 12 fevriye ak 21 fevriye — genyen reta akòz tanpèt ivè yo ki kontinye ap afekte pifò nan peyi a. Yo te kenbe chak dòz yo ta dwe ekspedye lendi a, epi sèlman yon kantite limite nan vaksen Pfizer a te kite etablisman ekspedisyon yo nan madi ak mèkredi.

Reta sa a pral san dout poze yon defi lojistik pou New York — men jan nou te montre pandan plis pase 350 dènye jou yo, nou se New York Solid (New York Tough), epi nou alawotè defi a. Depatman Sante (Department of Health) a ap travay depre avèk tout founisè yo, gen ladan depatman sante lokal yo, lopital yo, famasi yo, ak Sant Sante ki Federalman Kalifye (Federally Qualified Health Clinic, FQHC) yo pou minimize enpak la sou operasyon yo epi redwi kantite randevou ke yo dwe repwograme yo. Vaksen an se zam ki pral genyen lagè a kont COVID la, epi nou pral kontinye travay avèk patenè federal yo pou ekspedye ekspedisyon ki an reta yo epi nou pral kontinye bay Nouyòkè yo enfòmasyon pandan jou ki ap vini yo".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)